



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINALIS POU PRIM 2.5 MILYON DOLA KONPETISYON REYIMAJINE KANAL YO

*Yo te Chwazi Kandida yo pou Ide Vizyonè yo Genyen sou Transfòmasyon Rezo
Kanal la pou l vin Tounen yon Nouvo Sous Devlopman Ekonomik epi Ogmante
Touris*

Yo te Chwazi Sèt Finalis yo Pami 145 Kandida yo ki soti nan Nèf Peyi

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te chwazi sèt finalis pou prim 2.5 milyon dola Konpetisyon Reyimajine Kanal yo (Reimagine the Canals Competition), k ap chache ide inovatè pou transfòme Rezo Kanal Eta a pandan l ap kòmanse dezyèm syèk depi l ap fonksyone. Konpetisyon an, Canal Corporation ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap jere a, chache nouvel apwòch sou kijan pou yo itilize kanal yo alafwa kòm yon motè pou devlopman ekonomik epi pou l vin tounnen yon sant pou touris ak lwazi.

“Konpetisyon sa a pral pote nouvel vi nan Rezo Kanal istorik la k ap fèt nan menm ane Rezo a ap selebre santènè li, epi li klè apati de kreyativite ki gen pami kandida sa yo ke avni pwochen santènè sa a ap trè briyan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk kontribisyon finalis sa yo, kanal nou yo pral kontinye jwe yon wòl transfòmatè pou ede ekonomi rejyon nò a pwospere.”

Yo te chwazi sèt finalis sa yo pami yon gwoup 145 kandida ki soti nan nèf peyi ak nèf eta, epi yo te anonse yo jodi a nan Syracuse pandan yon selebrasyon ki te fèt nan Fakilte Syans Anviwonmantal ak Eksplwatasyon Forestyè SUNY an (SUNY College of Environmental Science and Forestry). Chak ekip sa yo pral resevwa jiska 50,000 dola pou yo ka plis devlope kandidati yo a pou pwochen etap la.

Gil C. Quiniones, ki se prezidan ak PDG NYPA a, ki jere Rezo Kanal eta a kòm yon filyal, te deklare, “Repons a konpetisyon sa a ekstraòdinè epi li klè jij yo gen kèk chwa difisil pou yo fè. Chwazi gayan final la pral osi difisil, men nou konfyan nou pral gen kèk trè bèl ide pou Rezo Kanal la ke nou pral ka mete an aksyon”.

Direktè Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare, “Kandida sa yo adopte pasyon ak fyète nan Rezo Kanal la ki prevalan nan 225 kominote kote l pase yo. Yo

onore eritaj kanal yo pandan yo ofri anmenmtan ide kouraje ki ka rann kanal yo vin yon fòs vital nan ekonomi rejyon nò a epi bay moun plis rezon pou yo vin vizite”.

Delè dènye soumasyon yo fikse pou kòmansman Jiyè. Yo prevwa anonse gayan yo, ki pral resevwa ant 250,000 dola ak 1.5 milyon dola pou yo planifye ak reyalize pwojè yo a, nan kòmansman otòn lan.

Pwogram ak inisyativ yo gen entasyon pou yo pwomouvwa Rezo Kanal la ak santye li yo kòm yon destinasyon touristik ak yon resous lwazi pou rezidan ak vizitè New York yo, devlopman ekonomik dirab sou tout longè Rezo Kanal la; eritaj Rezo Kanal la; ak dirabilite finansyè alontèm Canal Corporation an. Anplis de sa a, konpetisyon an ap chèche kandidati nan de domèn separe, youn pou enfrastrikti; lòt la pou pwogram ki genyen potansyèl pou yo ogmante itilizasyon espas lwazi yo ak touris.

Finalis yo se:

- **Go the Distance:** inisyativ sa a pral chache devlope enstalasyon lojman pou itilizatè rekreatif Rezo Kanal la yo pase nwit. Ekip la gen ladan Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie a (Erie Canalway National Heritage Corridor) ki soti Waterford, New York; Gray Slate Partners ki soti Troy, New York; 2K Design ki soti Clifton Park, New York ak Dorgan Architecture & Planning ki soti Storrs, Conn.
- **Canal Winterlocks:** ap chache devlope itilizasyon pou Kanal Erie a pandan sezon ivè a, potansyèlman ap gen ladan patinaj, hockey, festival ivènal, ak eski randone. Ekip la gen ladan Clare Lyster Urbanism and Architecture ak John Ronan Architects, toude soti Chicago epi Urban Engineers ki soti Philadelphia.
- **Grand Kous Kanal Erie a (Great Erie Canal Race):** yon kous k ap dire plizyè jou pou plizyè tip motomarin, ki gen ladan yon eleman pou siklis ak randonè yo. Ekip la, ki gen alatèt li Parks and Trails New York, gen ladan Joe Gustainis ki soti Caledonia, New York ak Karthik Namasivayam ki soti Pittsford, New York, kòm konseye.
- **Intra-Works:** enstalasyon atizay ak eskilti pou yo kreye yon idantite kiltirèl ki relye ak Rezo Kanal la. Ekip la gen ladan konpayi achitekti ak planifikasyon Collective Studio ki soti Vil New York epi WRT ak Interface, toulede soti Philadelphia.
- **Pocket Neighborhoods:** yon modèl pou katye ki bò kanal la yo ki gen Kanal Erie a kòm pilye idantite l. Ekip la gen ladan Depatman Planifikasyon Konte Madison lan (Madison County Planning Department) ak Stream Collaborative, ki se yon konpayi achitekti nan Ithaca.
- **Irigasyon Rejyon Lwès New York la (Western New York Irrigation):** plan sa pral konstwi sou enfrastrikti dlo kanal la pou agrandi kapasite irigasyon l. Ekip la gen ladan Pwofesè SUNY ESF la, Stephen Shaw, C&S Companies of Syracuse ak Ekstansyon Koperativ Cornell la (Cornell Cooperative Extension).
- **Upstate Archipelago:** ekip sa a ap devlope konsepsyon pou rezistans peyizaj akwatik yo ki pral ofri tou espas lwazi piblik ak abita pou bèt sovaj yo. Ekip la gen ladan Cornell Design, Ithaca; Ekstansyon Koperativ Cornell la ak H+N+S, ki se yon konpayi achitekti ki nan Lawoland.

Rezo Kanal Eta New York la, ke yo te konn rele avan, Barge Canal, te ouvri pòt li 15 Me 1918. Pou make okazyon an, Canal Corporation pral egzante peyaj pou sezon navigasyon ane 2018 la, k ap kòmanse 15 Me nan zòn lès Kanal Erie a ak 18 Me nan rès 843 kilomèt rezo a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou konpetisyon an, ale sou www.canals.ny.gov/reimaginethecanals.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)